



**YAYASAN SOSIAL DAN PENDIDIKAN MIFTAHUL JANNAH**  
**SEKOLAH MENENGAH PERTAMA NU MIFTAHUL JANNAH**

Status : Diakui (Terakreditasi B) NPSN : 69978351

Alamat : Ds. Sumberwindu, Kec. Berbek, Kab. Nganjuk Kode Pos 64473

Website : [www.smpnumiftahuljannah.sch.id](http://www.smpnumiftahuljannah.sch.id) Telp. 085856781837

**ASEMEN SUMATIF AKHIR SEMESTER GANJIL**  
**TAHUN PELAJARAN 2025/2026**

**Mata Pelajaran : BAHASA JAWA**  
**Kelas : VIII (Delapan)**  
**Hari, Tanggal : Jum'at 12 Desember 2025**  
**Pukul : 09.30 – 11.00**

**PETUNJUK UMUM**

1. Gunakan pensil untuk mengerjakan soal.
2. Tulislah nama peserta dan nomor peserta pada kotak yang tersedia
3. Periksa dan bacalah soal-soal sebelum Anda menjawabnya.
4. Laporkan kepada Pengawas, jika terdapat tulisan yang kurang jelas, rusak atau jumlah soal kurang.
5. Mintalah kertas buram kepada Pengawas, jika diperlukan.
6. Dahulukan soal-soal yang Anda anggap mudah.
7. Periksalah pekerjaan Anda sebelum diserahkan kepada Pengawas.

**SELAMAT BEKERJA**

Nama : .....  
Nomor Peserta : .....

**I. Soal pilihan ganda. Pilihlah salah satu jawaban yang paling tepat dengan cara memberi tanda silang ( X ) pada huruf A, B, C, atau D.**

Wacanen Cerkak ing ngisor iki kanthi premati kanggo njawab pitakon nomer 1-5!

**Layang Saka Jakarta**

Srengenge wis manther, hawa isih seger sanajan ing tengah sawah. Mbok Nah katon lungguh ijen ing dhingklik ngarep omah lawas. Tangan tuwane ngelus-elus pigura foto sing wis kusam. Foto anak lanang siji-sijine, Parman, sing wis telung taun lunga menyang Jakarta golek panguripan.

Wis meh setaun iki Parman ora ngirimi dhuwit utawa kabar. Biasane saben sasi ana layang teka, isine crita Parman lagi kerja ing pabrik garmen, seneng, lan mesthi ana dhuwit kanggo blanja. Nanging saiki sepi. Mbok Nah saben esuk mesthi ngenteni Pak Pos, sanajan mung ngarep-arep layang, dudu dhuwit maneh.

Dina iki beda. Saka kadohan, katon Pak Pos numpak pit mini karo klambi coklat ciri khase. Jantung Mbok Nah deg-degan. Apa ana layang?

"Nuwun sewu, Mbok Nah, iki ana layang saka Jakarta. Nanging ora ana arta, mung layang wae," celathune Pak Pos karo masrahake amplop putih sing tipis.

Mbok Nah matur nuwun, tangane rada gumeter mbukak layang. Mripate sing wis tuwa meksa maca saben tembung sing ditulis Parman. Intine: Parman saiki wis ora nyambut gawe ing pabrik, deweke dadi tukang ojek *online* sing pangasilane ora mesthi. Dheweke isin ora bisa ngirimi dhuwit kaya biyen. Parman janji, yen wis oleh rejeki luwih, deweke bakal mulih.

-----Prestasi Penting, Jujur Utama-----

Layang rampung diwaca. Mbok Nah ora nangis, nanging mung ngempet ambegan dawa. Dheweke mung ngulati sawah ing ngarepe omah. "Ndherekake sugeng tindak, Le," batin Mbok Nah, sanajan mung layang sing lunga, nanging atine ngerti yen anak lanange pancen lagi berjuang. Sing penting anake isih eling lan paring kabar.

1. Sapa paraga baku (tokoh utama) ing Cerkak ndhuwur?....
  - A. Pak Pos
  - B. Parman
  - C. Mbok Nah
  - D. Tukang ojek *online*
2. Kepriye kahanan Parman sadurunge (biyen) kirim kabar menyang Mbok Nah?...
  - A. Wis dadi tukang ojek *online* sing sukses.
  - B. Kerja ing pabrik garmen lan mesthi ngirim dhuwit.
  - C. Wis mulih menyang desa lan urip tentrem.
  - D. Wis ora eling karo wong tuwane.
3. Apa sing ditindakake Mbok Nah saben esuk?...
  - A. Lungguh ijen lan nangisi kahanane.
  - B. Ngirim layang marang Parman ing Jakarta.
  - C. Ngenteni Pak Pos kanthi pangarep-arep teka layang utawa kabar.
  - D. Nyambut gawe ing sawah nganti lali anake.
4. Setting/latar panggonan (papan) Cerkak kasebut dumadi ing?...
  - A. Kutha Jakarta sing rame.
  - B. Pabrik garmen.
  - C. Ngarep omah ing tengah sawah.
  - D. Kantor Pak Pos.
5. Piwulang (amanat/pesan moral) sing bisa dijupuk saka Cerkak ndhuwur yaiku....
  - A. Wong tuwa kudu pasrah lan ora usah nunggu kabare anak
  - B. Golek gawean ing kutha luwih becik tinimbang ing desa.
  - C. Sanajan urip rekasa, anak kudu tetep eling lan ngabari wong tuwa.
  - D. Wong tuwa mesthi ngarep-arep dhuwit saka anake sing ana ing kutha.
6. Wong kang nulis cerkak diarani ...
  - A. pengarang
  - B. arkais
  - C. penulis
  - D. novel

**II. Pilhan ganda kompleks. Untuk soal nomor 7 sampai dengan 12 jawablah pertanyaan di bawah dengan cara memberi tanda centang (✓), pilihlah semua jawaban yang benar dari jawaban yang disediakan (jawaban bisa lebih dari satu)**

Wacanen Cerkak ing ngisor iki kanthi premati kanggo njawab pitakon nomer 7-12!

## Dolanan Bal-balan

Esuk kuwi, bocah-bocah kelas V katon padha sumringah. Dina Setu, sawise pelajaran pungkasan, Bu Guru ngilani bocah-bocah padha dolanan sedhela sadurunge mulih.

"Ayo, Fajar, bal-balan ing lapangan ngarep wae!" ajake Bima karo ngangkat tas.

Fajar, Bima, lan telu kancane, yaiku Aldo, Rendi, lan Dika, banjur menyang lapangan. Lapangan ing sekolahan mau pancen rada cilik, nanging cukup kanggo dolanan bal-balan cilik-cilan.

Fajar wis nyiapake bal plastik abang sing digawa saka omah. Game diwiwiti. Fajar dadi kiper, Bima lan Rendi dadi striker, dene Aldo lan Dika dadi gelandang.

Lagi wae 10 menit dolanan, ana swara bocah wadon wadul. "Pak! Pak Guru! Fajar lan kanca-kanca dolanan bal, balé kenèng pot kembangé Bu Guru!"

Kabeh bocah padha mandheg. Fajar lan Bima delok-delokan. Pranyata, tendhangané Rendi sing rada banter mau nyasar lan ngenani pot kembang anggrek sing diselehake ing pinggir lapangan. Poté pecah, kembangé rusak.

Ora suwe, Pak Slamet, guru olahraga sing isih ana ing kantor, teka.

"Sapa sing nindakake iki?" pitakoné Pak Slamet kanthi swara alon nanging tegas.

Kabeh padha meneng. Nanging, Rendi banjur maju. "Kula, Pak. Kula sing nendhang," wangsulané Rendi kanthi jujur.

"Saiki, kowe lan kanca-kancamu kudu tanggung jawab. Besuk mulih sekolah, sampeyan kabeh kudu resik-resik lan ngganti pot kembangé Bu Guru. Piye?"

Fajar, Bima, Aldo, Rendi, lan Dika bareng-bareng njawab, "Inggih, Pak." Dheweke banjur nerusake resik-resik pecahan pot kembang kanthi tulung-tinulung. Senajan kudu mulih rada sore, atine padha lega amarga wis jujur lan gelem tanggung jawab.

7. Apa sing ditindakake Fajar lan kanca-kanca sawise jam pelajaran pungkasan ing dina Setu?....

- ☐ Dolanan *lompat tali* ing plataran.
- ☐ Dolanan bal-balan ing lapangan ngarep.
- ☐ Reresik kelas bebarengan.
- ☐ Dolanan bal plastik abang sing digawa Fajar.

8. Sapa wae bocah-bocah kelas V sing kasebut ing *cerkak* kasebut?....

- ☐ Fajar, Bima, lan Rio.
- ☐ Bima, Rendi, lan Aldo.
- ☐ Dika, Rendi, lan Bu Guru.
- ☐ Fajar, Bima, lan Dika.

9. Kepriye kahanane sawise tendhangan balé Rendi nyasar?....

- ☐ Pot kembang anggrek sing diselehake ing pinggir lapangan pecah.
- ☐ Bocah-bocah wadon padha surak-surak amarga kembangé Bu Guru rusak.
- ☐ Kembang anggrek sing ana ing pot dadi rusak.
- ☐ Bal plastik abang mau ilang amarga njeblos.

-----Prestasi Penting, Jujur Utama-----



10. Sapa sing tanggung jawab lan jujur ngaku menawa dheweke sing nendhang bal nganti ngenani pot?....
- ☐ Rendi
- ☐ Aldo
- ☐ Rendi
- ☐ Fajar
11. Sapa asmane Guru sing teka lan menehi piwulang marang bocah-bocah sing ngrusak pot?....
- ☐ Bu Guru (Guru Kelas V)
- ☐ Pak Slamet (Guru Olahraga)
- ☐ Pak Bima (Guru Basa Jawa)
- ☐ Pak Slamet (Guru Olahraga)
12. Apa tanggung jawab sing kudu ditindakake dening bocah-bocah kasebut sawise kedadeyan kasebut?....
- ☐ Dheweke kudu ngganti pot kembangé Bu Guru.
- ☐ Dheweke kudu resik-resik kelas kanggo seminggu.
- ☐ Dheweke kudu mulih sekolah rada sore.
- ☐ Dheweke kudu resik-resik pecahan pot kembang.

**III. Menjodohkan. Untuk soal nomor 13 sampai dengan 18 Pasangkanlah pertanyaan di sebelah kiri dengan memilih jawaban yang tepat di sebelah kanan!**

| Pertanyaan                                                                                                                                           | Pilihan jawaban                                                      |
|------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|----------------------------------------------------------------------|
| Ukara (Tembung Rinengga)                                                                                                                             | Tegesé (Artinya)<br>/ Jinisé                                         |
| 13. <b>Tembung Saroja</b> saka tembung <i>adigang adigung adiguna</i> .....                                                                          | A. Wong sing seneng ngagung-agungake kaluwihan lan kekuwatane dhéwé. |
| 14. <b>Tembung Saroja</b> sing ateges "susah banget" utawa "rekasa uripé".....                                                                       | B. Rame-rame.                                                        |
| 15. <b>Tembung Dwilingga</b> sing ateges "akeh banget swarane".....                                                                                  | C. Mlarat mleset.                                                    |
| 16. <b>Paribasan</b> sing ateges "Wong wadon munggah-mudhun regane amarga dhuwit"....                                                                | D. Rukun agawe santosa, crah agawe bubrah.                           |
| 17. <b>Saloka</b> sing ateges "Wong kang duwe kalungguhan utawa pangkat nanging ora bisa migunakake/males jasa marang wong kang njalari dadi". ..... | E. <i>Kacang ora ninggal lanjaran.</i>                               |
| 18. <b>Paribasan</b> sing ateges "Yen manunggal mesthi kuwat, yen pasulayan mesthi rusak" .....                                                      | F. Kutuk                                                             |

|  |                       |
|--|-----------------------|
|  | nggendhong<br>mlinjo. |
|--|-----------------------|

**IV. Untuk soal nomor 19. sampai dengan 23 Nyatakan “Benar atau Salah” untuk pernyataan-pernyataan berikut ini!**

| Pernyataan                                                                                                                                             | Pilihan   |           |
|--------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|-----------|-----------|
|                                                                                                                                                        | Benar (B) | Salah (S) |
| 19. Sing nindakake wawancara (sing takon) ing Basa Jawa diarani <i>narasumber</i> .                                                                    |           |           |
| 20. Sadurunge miwiti wawancara, <i>pewawancara</i> (pewawancara) kudu njaluk idin lan nepungake dhiri (memperkenalkan diri) marang <i>narasumber</i> . |           |           |
| 21. Pitakonan (pertanyaan) sing diwenehake marang <i>narasumber</i> luwih becik nggunakake basa sing sopan lan gampang dingerteni                      |           |           |
| 22. Wawancara sing becik iku kabeh pitakonan kudu diwiwiti kanthi tembung pitakon <i>Sapa</i> (Siapa) wae.                                             |           |           |
| 23. Nalika wawancara, <i>pewawancara</i> ora prelu ngrungokake (mendengarkan) wangsulane saka <i>narasumber</i> kanthi tliti amarga wis dicathet.      |           |           |

**V. Isian singkat. Untuk soal nomor 24 sampai 30, jawablah pertanyaan berikut dengan singkat!**

24. Tembung *krama inggil* saka tembung *sikil* (kaki) yaiku . . . . .

25. Nalika sowan marang simbah, kudune ngombe nganggo tangan, tembung (tangan) *krama inggile* yaiku .....

26. Sirah e Bapak wis akèh wulune sing putih, *krama inggil* saka tembung (sirah) yaiku .....

27. Sandhangan swara sing dienggo kanggo ngubah swara 'a' dadi swara 'é' (kayata nulis tembung *lémpah*) diarani .....

28. Aksara Jawa sing dienggo kanggo nulis tembung (*kata*) sing dipisah lan dumunung ing pungkasan ukara (akhir kalimat) lan ora diwaca vokal, kayata nulis *madhang sego* (nanging **g** ora diwaca), yaiku .....

29. Sandhangan swara sing dienggo kanggo ngubah swara 'a' dadi swara 'o' (kayata nulis tembung *loro*) diarani .....

30. Aksara Jawa sing dienggo kanggo nulis aksara 'r' ing pungkasan *wanda* (suku kata) diarani .....